

DOKUMEN PENTING

SANGAT RAHASIA



**PENILAIAN AKHIR TAHUN (PAT) SD/MI
TAHUN PELAJARAN 2022 / 2023**

Muatan Pelajaran : Bahasa Jawa
Hari, Tanggal : Senin, 3 April 2023
Waktu : 09.15-10.15

Nama Peserta :

Nomor Peserta :

**KEMENTERIAN AGAMA KOTA MALANG
MI DARUL QUR'AN**

Jl. Muharto V No. 130 Kec. Kedungkandang Kota Malang

Wacanen kanthi premati !

Pidhato Perpisahan Kelas VI

Assalamu'alaikum wr.wb.

Kepala Sekolah saha Bapak Ibu Guru ingkang kula urmati, kanca-kanca ingkang kula tresnani. Puji sokur kula aturaken dhumateng Gusti Ingkang Maha Agung ingkang sampun paring bagas kewarasan dhumateng panjenengan dalah kula.

Ing ngriki kula minangka wakilipun kanca-kanca kelas enem ngaturaken gunging panuwun dhumateng Bapak saha Ibu Guru ingkang kersa ngrawuhi pasamuhan ingkang kula sakanca wontenaken.

Pasamuhan punika minangka raos sokur lan pepisahan kelas enem, ingkang saweg nampi pengumuman lulusan. Puji sokur sedaya saged lulus boten wonten ingkang kecikir. Pramila ing wedal punika kula ngaturaken gunging panuwun dhumateng Bapak saha Ibu Guru ingkang sampun paring tuntutan tuwin panggulawentah wiwit kula sakanca kelas setunggal nagntos dumugi tamat punika. Mugi – mugi Gusti Ingkang Maha Agung tansah paring kawilujengan saha kanugrahan dhumateng panjenengan sedaya. Salajengipun kula sakanca boten kesupen nyuwun pangaksami bilih wonten kalepatan saha tindak tanduk ingkang kirang prayogi. Wasana cekap semanten atur kula, bilih wonten kekirangan kula nyuwun pangapunten.

Wassalamu'alaikum Wr. Wb.

Kapethik saking: Buku Wasis Basa

I. Wenehana tandha ping (X) aksara a,b,c, utawa d ing sangarepe wangsuln kang bener !

1. Apa irah-irahan sajroning sesorah ing dhuwur ?

- | | |
|--------------------------------|-----------------------|
| a. Pidhato Pengetan Kartini | c. Lomba pidhato |
| b. Pidhato Perpisahan Kelas VI | d. Pidhato ulang taun |

2. Sesorah ing ndhuwur iku ditindakake ing

- | | |
|--------------------|--------------|
| a. daleme ibu guru | c. sekolahan |
| b. lapangan | d. puskesmas |

3. Sesorah iku ditindakake dening

- | | |
|------------------------------|---------------------------|
| a. bapak kepala sekola | c .perwakilan murid kelas |
| b. perwakilan murid kelas VI | d. wakil kepa sekolah |

4. Rembugan ana sangarepe wong akeh kanthi ngandarake sawijining gagasan diarani

- | | |
|-------------------|-----------|
| a. tanggap wacana | c. micara |
| b. atur pambuka | d. nyemak |

5. Perangane pidhato kang ngemot andharan isi utawa bab kang wigati ing tanggap wacana diarani

- | | |
|------------------|------------|
| a. pambuka | c. panutup |
| b. salam pambuka | d. surasa |

6. Muji syukur marang Gusti Allah iku ing sesorah dipapanake ana

- a. pambuka
- b. isi
- c. panutup
- d. salam

7. Cekap semanten ingkang saged kula aturaken, bilih wonten kekiranganipun kula nyuwun pangapunten.

Ukara kasebut ing dhuwur dipapananke ana ing

- a. pambuka
- b. isi
- c. panutup
- d. salam

8. Assalamu'alaikum Wr.Wb.

Ukara ing dhuwur klebu perange pidhato

- a. surasa
- b. panutup
- c. pembuka
- d. salam pembuka

9. Ing ngisor iki perangane naskah pidhato, **kajaba** ...

- a. pembuka
- b. isi
- c. adangiyah
- d. panutup

10. Pinanggih kanthi widada nir ing sambekala. Widada tegese

- a. slamet
- b. seneng
- c. becik
- d. urip

11. Kula panjenengan sedaya saged **kempal** wonten adicara pepisahan kelas enem.

Tembung **kempal** duweni teges

- | | |
|-----------|-----------|
| a. bubar | c. bali |
| b. gempal | d. Kumpul |

12.(1) Assalamualaikum Wr.Wb.

Ingkang kinurmatan Bapak/ Ibu Pengurus Komite Sekolah

Bapak Ibu sekaliyan saha Bapak Ibu Guru ingkang tansah minulya

(2) Mekaten ugi, kula ngaturaken maturnuwun bilih panjenengan sami saged

ngrawuhi adicara ingkang badhe ngrembag bab pembangunan musholla.

(3) Mekaten atur kula, menawi wonten lepatipun atur saha subasita,

Kula nyuwun pangapunten.

(4) Sumangga kula dherekaken muji syukur ing ngarsanipun Gusti Allah

Ingkang sampun maringi kesehatan lan kanikmatan gesang.

Supaya dadi pidhato kang runtut, ukara ing dhuwur diurutake dadi

- | | |
|------------|------------|
| a. 2-3-4-1 | c. 1-3-2-4 |
| b. 1-4-2-3 | d. 4-3-2-1 |

13. Rina : "Mar, Aja mbolos sekolah mengko dadi ora pinter lho!"

Damar : "Ora usah melu-melu urusanku,Rin!"

Rina : " . . . "

Damar : "Rin, ora sah sok pinter, sok ngandhani. Urusen awakmu dhewe."

Ukara kanggo ngganepi pacelathon Rudi karo Usman ing dhuwur

kang mathuk yaiku

- | | |
|----------------------------------|-------------------------------|
| a. Damar, aku seneng mbolos | c. Damar,aku melu mbolos |
| b. Damar, mbolos iku pancen apik | d. Damar,mbolos kuwi ora apik |

14. Anton : "Don, sesuk apa sida uangan basa Jawa?"

Doni : "Sida Ton, apa kowe ora ngerti?"

Anton : "Ora, jalaran aku ora mlebu sekolah amarga lara"

Doni : "Ye ngono mengko sore ndhewe sinau bareng wae ya Ton, neng omahku."

Pacelathon ing ndhuwur migunakake ragam basa

a. ngoko lugu

c. krama alus

b. krama lugu

d. krama inggil

15. Pacelathon antarane Anton karo Doni ngrembug babagan

a. ora mlebu sekolah

c. kegiatan sekolah

b. ulangan basa Jawa

d. pelajaran ing sekolah

16. Kang nduweni teges padha karo **pacelathon**, yaiku

a. musyawarah

c. dialog

b. piwulang

d. sinau

17. Pak Guru : "Bocah-bocah sapa sing durung nggarap PR?"

Badi : "Kula Pak, kula kesupen menawi wonten PR."

Pak Guru : "..."

Ukara kang trep kanggo ngganepi pacelathon ing dhuwur

a. Kok kowe sregep tenan

c. Kok kowe wis nggarap PR

b. Kok kowe bisa lali

d. Kok kowe ora lali

18. Coba gatekna pacelathon ing ngisor iki!

Tina : "Wah, endah banget yo, pemandangane!"

Warsiti : "Lho, kepriye Tin, lagi mrene sepisan to."

Joko : "Aku tak mlaku dhisik ya, Tin."

Tina : "Jok, ati-ati aja misah saka rombongan, bisa ilang lho!"

Jono : *(ora nggubris omongane kanca lan mlaku ngadoh)*

"Ora-orane yen ilang, wong kendel, kok. Yo takon-takon, to"

(Nalika ing bis arep mulih)

Pak Guru : "Bocah-bocah sapa sing durung munggah bis?"

Wangsulane Tina kang trep yaiku

a. Tina, Pak.

c. Warsiti, Pak.

- b. Kula, Pak. d. Joko, Pak.

19. "Wah, **endah** banget yo, pemandangane!

Tembung **endah** nduweni teges padha karo....

- a. ala c. elok
b. reged d. adoh

20. "Aja misah saka **rombongan**, bisa ilang lho!"

Tegese tembung **rombongan** yaiku

- a. dhewekan utawa ijen c. mlaku dhewe-dhewe
b. kumpulane wong dadi siji d. ora nggabung dadi siji

Pacelathon ing ngisor iki kanggo nggarap nomer 21-25

Dina Minggu esuk Bagas, Ajeng, Bapak, lan Ibu padha preinan sekolah. Mula padha bareng-bareng reresik omah.

Bapak : " Gas, mrenea! Rewangana Bapak ngresiki plapon kuwi!"

Bagas : " Nggih, Pak! Kula mendhet sapu panjang rumiyin."

Bapak : " Gas, sisan njupukna andha kanggo ngranggeh panggonan sing reged dhuwur kae!"

Bagas : " Nggih, Pak..., menika andhanipun."

Bapak : " Kene...kene, galo regede kaya ngana."

Bagas : " Nggih-nggih, Pak! Saenipun se-minggu sepisan kedah dipun resiki kok Pak!"

Bapak : "Pancen kudune ngono Gas, mula suk Minggu kerja bakti meneh."

Bagas : "Nggih Pak, benjing kula rencangi!"

Ibu : "Sing ngati-ati lho Gas!"

Bagas : "Nggih, Bu!"

Ibu : "Yen wis rampung, Ibu direwangi nandur kembang kene karo adimu Ajeng ya!"

Ajeng : "Kembang menapa to Bu? Punapa Ibu mundhut?"

Ibu : "Ora, iki kembang olehku nyuwun saka daleme bu RT."

Bagas : "Nggih Bu, mangke kula rencangi."

21. ... nembe ngresiiki plapon omah.

- a. Bapak c. Ibu
b. Bagas d. Ajeng

22. Sing njupuk sapu panjang yaiku

- a. Bapak c. Bagas
b. Ibu d. Ajeng

23. Pacelathon ing dhuwur ngrembug bab

- a. kerja bakti desa
- b. reresik omah
- c. nyaponi plapon
- d. nandur jangkrik

24. Paraga sing ana ing pacelathon iku, *kajaba*....

- a. Bapak
- b. Bagus
- c. Ibu
- d. Ayu

25. "Kembang menapa Bu?, Punapa Ibu mundhut?"

Tembung "mundhut" basa ngokone yaiku

- a. njaluk
- b. tumbas
- c. nyuwun
- d. tuku

II. **senana ceceg-ceceg ing ngisor iki nganggo tembung kang mathuk !**

26. Sadurunge nulis teks sesorah utawa pidhato. Kita kudu nemtokake ... dhisik.

27. Saben esuk simbah ngunjuk kopi. Tembung ngunjuk ngokone

28. Aku *nyuwun* dhuwit Ibu.

Tembung kang kacithak kandel basa ngokone

29. **Pasar Bawang**

. Ukara iku yen ditulis nganggo aksara jawa dadi

30. Tegese tembung panggulawentah yaiku